



Odyans Piblik sou Konsepsyon Vityèl

Amelyorasyon nan entèseksyon Mount Pleasant Street ak Nash Road, New Bedford, MA



Kisa k ap pase?

Objektif Odyans Piblik sou Konsepsyon Vityèl sa a se pou bay piblik la opòtinite pou yo vin byen okouran de Pwojè Amelyorasyon nan Mount Pleasant Street ak Nash Road nan Vil New Bedford, MA. Rekonstriksyon koridò sa a ak kafou sa a pral pote amelyorasyon nan sekirite wout la, tankou nouvo siyal trafik ak siyal pou pyeton, twotwa ak ranp ki konfòm ak ADA, espas pou bisiklèt, rekonstriksyon asfalt la, nouvo pano ak mak sou wout la, pi bon ekleraj lari, depasman fil ki anlè yo, ak amelyorasyon nan sistèm drenaj dlo lapli a.

Kòman sa pral afekte w?

Pwojè a fèt pou rann wout yo pi an sekirite pou tout moun, amelyore sikilasyon machin yo, epi kreye pi bon aksè pou moun k ap mache oswa k ap itilize bisiklèt. Aksè pou al nan rezidans yo ap rete disponib pandan konstriksyon an. Travay nan kafou a ap enplike tou fèmti kèk vwa sikilasyon pou yon ti tan epi li ka gen ladan l detou kout tèm.

Ki lè

Madi 25 Out 2026
6 PM

Patisipe

www.mass.gov/orgs/highway-division/events



Pou asire reyinyon li yo aksesib, MassDOT bay rezonabman: tradiksyon, entèpretasyon, modifikasyon, akomodasyon, fòm altènatif, ak èd ak sèvis oksilyè. Pou mande sèvis sa yo, tanpri kontakte Chèf Ofisye Divèsite ak Dwa Sivil MassDOT la nan 857-368-8580 oswa MassDOT.CivilRights@dot.state.ma.us. Pou bay ase tan pou trete demann sa a, tanpri fè yo pi bonè posib, ideyalman 10 jou anvan evènman an.

Ou ka voye kesyon sou pwojè a pa imèl tou nan MassDOTProjectManagement@dot.state.ma.us. Tanpri soumèt nenpòt deklarasyon alekri konsènan pwojè ki pwopoze a bay: **Carrie A. Lavallee, P.E., Chief Engineer, MassDOT, 10 Park Plaza, Boston, MA 02116, Atansyon: JÈS PWOJÈ A, NIMERO DOSYE PWOJÈ A: 610798**